

40 degre

30 degre

20 degre



Li fè cho ANPIL!

Prekosyon pou pran pou timoun

Pandan li fè cho anpil, sante yon timoun ki gen pi piti pase 5 lane ka bese byen vit.

Asire w ou:



Fè timoun nan **bwè dlo regilyèman** epi pote yon boutèy dlo si sa posib



Mouye po pitit la ak yon **sèvyèt mouye** plizyè fwa pa jou pou rafrechir kò li



Fè pitit la pran yon **beny ak dlo fre** mezi fwa li bezwen



Fè pitit la pase **detwa èdtan** pa jou yon kote ki gen **klimatizè oswa ki fre**



Planifye aktivite deyò a, jeneralman **avan 10:00 am epi apre 4:00 pm**



Abiye pitit la ak **rad ki gen koulè lejè**



Kouvri tèt li ak yon **chapo ki laj**

Pou tibebe ki nan tete yo, kite yo tete lè yo mande. Li toutafè nòmal pou **yo bezwen tete pi souvan**.



Pou tibebe ki bwè fòmil pou tibebe yo, ofri yo li pi souvan. Pou tibebe ki gen plis pase sis mwa yo, ofri yo yon ti kantite dlo avan oswa apre yo manje.

Pa janm kite yon timoun oswa yon tibebe pou kont li nan yon machin oswa yon chanm ki pa gen bon vantilasyon, menm si se pou detwa minit.

Siy enpòtan pou w veye:

- li pipi mwens souvan oswa koulè pipi ki fonce
- po, lè, oswa bouch li sèk
- li gen tèt fè mal, vomisman oswa dyare
- koulè po ki pal, wouj, oswa pa nòmal
- sèk anba je yo epi je yo ka sanble yo twou
- tanperati kò li monte, 38.5 degre Sèlsiyis oswa pi wo (dèyè)
- li chimerik, iritab, oswa twouble epi li pa abitye konsa
- li gen difikilte pou respire
- anvi dòmi, li dòmi plis epi difikilte pou leve

Èske pitit ou a gen youn oswa plizyè nan siy sa yo? Èske w gen okenn kesyon ki gen rapò ak sante? Rele Info-Santé nan **811** oswa pale ak yon enfimiyè oswa doktè.

Nan yon ka ijan, rele 9-1-1.

Jwenn plis enfòmasyon nan: **Québec.ca**